



THE SCHOOL DISTRICT OF PALM BEACH COUNTY

Nou kontan akeyi pitit ou pandan li pra l kòmanse eksperyans akademik li nan Distri Lekòl nou an ki plase nan klasman A!

1. Jwenn lekòl ki nan zòn ou lè w antre adrès kay ou a nan palmbeachschools.org/findmyschool

2. Rasanble enfòmasyon ak dokiman sa yo:

- Fòm enskripsyon (*disponib swa nan palmbeachschools.org/register oswa nan direksyon lekòl ki nan zòn ou a*).
- Prèv nesans (*bafistè, paspò, dosye relijye*).
- Prèv vaksinasyon obligatwa nan men doktè timoun nan avan premye jou lekòl la.
- Prèv yon egzamen fizik resan avan premye jou lekòl la.
- Prèv ou abite nan Rejyon Palm Beach (*de (2) dokiman aktyèl ki reflekte adrès kay ki kòrèk la, tankou yon lisans chofè, bòdwo elektrik, ipotèk, akò kontra lwaye, resi lwaye, konfimasyon sou chanjman adrès Sèvis Postal Etazini, deklarasyon kat kredi, elatriye. etc.*).
- Papyè sou responsablite legal, si sa aplikab.
- Dokiman adisyonèl itil, enfòmasyon ki soti nan lekòl li te ye avan.

3. Enskri an pèsòn: Vizite lekòl nan zòn ou an pèsòn, lendi jiska vandredi, avèk fòm enskripsyon ou ranpli ak tout dokiman ki nesèsè pou konplete pwosesis enskripsyon an

OSWA

Enskri sou entènèt (apati 3 avril 2023): Genyen dokiman yo mande yo pare pou w telekopye. Jwenn aksè nan pwosesis enkripsyon sou entènèt la nan palmbeachschools.org/kindergarten

4. Patisipe nan Reyinyon Paran Elèv Jadendanfan nan lekòl ki nan zòn ou an pou rankontre pèsònèl lekòl ou a, pou aprann sou kourikoulòm jadendanfan, konprann kijan yo pral akeyi pitit ou a ak nouri li, epi fè konesans ak pwogram ak sèvis lekòl la.

5. Mande lekòl ou a sou "Kindergarten Readiness Kit" gratis ou a.

Vizite sit entènèt palmbeachschools.org/kindergarten pou plis enfòmasyon, oswa rele lekòl ki nan zòn ou dirèkteman pou jwenn èd pou w enskri.



The Department of Multicultural Education (Haitian Creole) Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 –March 2023 – SY231107



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE